APLIKASYON POU ANGAJMAN POU MALADI MANTAL POU 3 JOU G.L. c. 123, § 12(e)	Nimewo Rejis Divizyon	**Tribinal Premye Enstans Massachusetts** **Depatman Tribinal Distri**

NON MOUN KI REPONN NAN	DAT LI FÈT OSWA LAJ LI	SÈKS
NAN ZAFÈ		☐ GASON ☐ FANM

APLIKASYON

pou Angajman pou Sante Mantal pou 3 jou
G.L. c. 123, § 12(e)

Moun ki siyen anba la a aplike nan tribinal sa a pou yon lòd pou angaje moun ki reponn nan pou swen nan yon sant sante mantal pou yon maksimòm twa (3) jou, paske moun ki reponn nan se yon moun ki gen maladi mantal epitou si yo pa izole moun ki reponn nan sa ta lakòz yon posiblite pou li pran gwo domaj.

Dat Siyati a	Siyati Moun ki Aplike a
	X

Non Moun ki Aplike an Lèt detache	Tit Moun ki Aplike a oswa Sa li ye pou Moun ki Reponn nan, si yo se fanmi

NÒT

1. G.L. c. 123, § 12(e). "Nenpòt moun ka fè yon aplikasyon pou remèt yon jij tribinal distri . . . pou yon angajman pou twa (3) jou nan yon sant moun ki gen maladi mantal epi si yo pa izole moun sa a sa kapab lakòz yon posiblite pou li gen gwo domaj. Tribinal la dwe deziyen yon avoka pou reprezante moun sa a. Apre yon jij tribinal distri tande prèv yo jan li ka konsidere prèv yo ase . . . ;yon jij nan tribinal distri a kapab bay yon manda pou otorie al pran moun ki gen maladi mantal la epi pou mennen'l devan jij la. Si jij lan ta deside kondisyon avek kondwit moun sa a ta rann desizyon sa a nesese oubyen nomal.. Apre yo finn pran moun nan, tribinal la dwe fè yon doktè egzamine li, yon doktè tribinal la ap chwazi pou li gen otorizasyon pou entène moun sa a nan yon sant medikal, oswa tribinal la dwe fè yon sikològ kalifye egzamine moun nan dapre règleman depatman an. Si doktè a oswa sikològ kalifye a rapòte si moun nan pa entène nan lopital sa ta kreye yon posiblite pou li pran domaj grav akòz maladi mantal la, tribinal la ka bay lòd pou moun nan entène nan yon sant medikal pou yon peryòd ki pa depase twa (3) jou, men sipè-entandan an ka egzeyate moun a nenpòt moman nan peryòd twa (3) jou a."

2. Kalkil peryòd 3 jou. Dapre G.L. c. 123, § 12(e), yo kalkile peryòd angajman maksimòm pou twa (3) jou a dapre Mass. R. Civ. P. 6, ki se samdi dimanch oswa jou ferye legal, san konsidere jou yo te depoze aplikasyon an. Si twazyèm jou a se yon samdi, dimanch oswa jou ferye legal, jou sa a pa konte, epi si jou apre a pa yon samdi, dimanch oswa jou ferye legal la konte kòm twazyèm jou a.

This form is for your reference only. Do not submit to the court.
Fòm sa a la sèlman pou referans. Pa remèt li nan tribunal la.